| For Official Use only: |
|---|
| ID Number:_______________________ |
| Date of Completion: _______________ |
| Date of Data Entry:_________________ |

**ENTWODIKSYON**

Nan kad yon Evalyasyon Bezwen Sante Kominotè 2024-2025 ki pi gwo, Sistèm Sante RWJBarnabas - an kolaborasyon avèk patnè kowalizyon pou lasante nou yo (Mercer, Middlesex, Somerset), St. Peter's University Hospital, Capital Health, Lawrence Rehabilitation and Healthcare Center, sant santé local yo, depatman sante konte ak lokal yo, ak òganizasyon kominotè yo - ap fè yon sondaj pou aprann plis sou bezwen ak fòs kominote a ak rezidan li yo. Enfòmasyon sa yo pral sèvi pou gide pwochen sèvis ak pwogram ak pi bon kowòdinasyon pami òganizasyon yo.

Ranpli sondaj sa a se yon bagay ki **volontè**, epi repons ou yo **konfidansyèl**. Nou p ap mande w non ou, adrès ou, oswa lòt enfòmasyon ki kapab idantifye w. Sondaj sa a pral pran apeprè 15 minit pou fè l. Avi w ap ede asire pwochen plan yo ap reponn ak diferan bezwen kominote a ak rezidan yo. Si w gen kesyon oswa kòmantè sou efò sa a, tanpri kontakte BHPlanningDept@rwjbh.org. An nou mete ansanm pou n amelyore lasante pou kominote nou an ansanm!

---

## PATI A: Enfòmasyon Jeneral – Oumenm ak Kominote Ou

1. **Ki kòd postal ou? ________________________** *(Tanpri ekri nan espas nimewo 5 chif la.)*
2. **Ki vil ou? ______________________**
3. **Depi konbyen tan w ap viv nan zòn nan?**

☐ Mwens pase 1 lane → Si sa mwens pase 1 lane, ki kòd postal adrès ou te genyen anvan an? _____
☐ 1-4 Lane
☐ 5-9 Lane
☐ 10-19 Lane
☐ 20 lane ak plis

***** Kesyon demografik sa yo se pou analiz etid sa a sèlman epi yo rete totalman konfidansyèl.***

4. **Nan ki ane ou fèt? ________________**

5. **Kijan ou ta dekri orijin etnik oswa rasyal ou?** *(Koche tout sa ki aplikab yo).*

☐ Nwa oswa Afwo-Ameriken (pa egzanp, Afriken Ameriken, Ayisyen, Jamayiken, Nijeryen, Etyopyen)
☐ Latino.a oswa Ispanik ki gen desandan Karayibeyen (pa egzanp, Pòtoriken, Kiben, Dominiken)
☐ Latino/a oswa Ispanik ki gen desandan Meksiken oswa Amerik Santral oswa Sid Ameriken (pa egzanp, Meksiken, Salvadoryen, Brezilyen, Kolonbyen)
☐ Lès Azyatik (pa egzanp, Chinwa, Japonè, Koreyen, Filipen, Vyetnamyen)
☐ Sid Azyatik (egzanp, Endyen, Pakistanè, Bangladè, Nepalè)
☐ Mwayen Oryan/Nò Afrik/Arab (egzanp, Ejipsyen, Mawoken, Jòdanyen, Arameyen)
☐ Blan/Ewopeyen Ameriken (egzanp, Alman, Ilandè, Anglè, Italyen, Polonè)
☐ Endyen Ameriken/Ameriken natif natal (egzanp, Nantikòk Leni-Lenap, Powatan Renap, Ramapou)
☐ Moun Awayi Natifnatal oswa Lòt Moun ki soti nan Zile Pasifik yo (egzanp, Awayen, Samowan)
☐ Lòt (tanpri presize): ___________________________________________________________
☐ Mwen prefere pa reponn

6. **Nan ki pi wo nivo edikasyon ou rive?**

☐ Mwens pase lekòl segondè
☐ Kèk ane nan lekòl segondè
☐ Diplome lekòl segondè oswa GED
☐ Kèk ane nan inivèsite
☐ Diplòm oswa sètifikasyon teknik asosye
☐ Gradye nan Inivèsite
☐ Diplòm Etid Siperyè oswa Pwofesyonèl
☐ Mwen prefere pa reponn

## PATI B: Priyorite, Atou ak Defi Kominote a

**7. Daprè ou, ki 3 PRENSIPAL PWOBLÈM OSWA PREYOKIPASYON KI GENYEN NAN KAD LASANTE nan kominote w la an jeneral?** *(Tanpri, chwazi 3 sèlman.)*

☐ Opresyon
☐ Kansè
☐ Dyabèt (Maladi Sik)
☐ Maladi kè
☐ Maladi poumon (Maladi Pilmonè Obstriktiv kwonik (Chronic Obstructive Pulmonary Disease, COPD)/Enfizèm)
☐ Twò gwo/gra anpil (obèz)
☐ Pwoblèm sante ki gen rapò ak vyeyisman (pa egzanp, alzaymè, tonbe)
☐ Pwoblèm Sante Mantal (pa egzanp, depresyon, anksyete, suisid)
☐ Itilizasyon alkòl, abi oswa eksè
☐ Fimen, vapote, oswa moulen tabak
☐ Itilizasyon sibstans, abi, oswa eksè (pa egzanp, opyoyid, ewoyin, move itilizasyon medikaman sou preskripsyon yo, marigwana)
☐ Mòd vi ak gwo estrès
☐ Maladi enfektye oswa kontajye (pa egzanp, nemoni, COVID (KOVID), grip)
☐ Enfeksyon moun pran nan sèks yo (sexually transmitted infections, STIs) (egzanp, Klamidya, Viris VIH/SIDA)
☐ Adolesan ki ansent
☐ Vyolans ak sekirite kominotè (pa egzanp, vyolans ak zam, abi domestik)
☐ Blesi envolontè (pa egzanp, aksidan machin, nwayad)
☐ Gen ase sèvis sosyal ak sante moun ka itilize
☐ Rasis ak diskriminasyon
☐ Lojman moun ka peye
☐ Grangou oswa gen bon jan manje moun ka peye
☐ Yon edikasyon apwopriye ak bon Kalite
☐ Povrete/ opòtinite travay
☐ Lòt pwoblèm oswa enkyetid ki pa nan lis la (presize): ______________________________________________
☐ Mwen pa konnen

**8. Daprè ou, ki 3 PRENSIPAL PWOBLÈM OSWA PREYOKIPASYON KI GENYEN NAN KAD LASANTE nan kominote w la pou timoun ak jèn?** *(Tanpri, chwazi 3 sèlman.)*

☐ Opresyon
☐ Kansè kay timoun
☐ Dyabèt (Maladi Sik)
☐ Twò gwo/gra anpil (obèz)
☐ Entimidasyon
☐ Pwoblèm Sante Mantal (pa egzanp, depresyon, anksyete, suisid)
☐ Itilizasyon alkòl, abi oswa eksè
☐ Fimen, vapote, oswa moulen tabak
☐ Itilizasyon sibstans, abi, oswa eksè (pa egzanp, opyoyid, ewoyin, move itilizasyon medikaman sou preskripsyon yo, marigwana)
☐ Mòd vi ak gwo estrès
☐ Maladi enfektye oswa kontajye (pa egzanp, nemoni, COVID (KOVID), grip)
☐ Enfeksyon moun pran nan sèks yo (sexually transmitted infections, STIs) (egzanp, Klamidya, Viris VIH/SIDA)
☐ Adolesan ki ansent
☐ Abi ak neglijans sou timoun
☐ Vyolans ak sekirite kominotè (pa egzanp, vyolans ak zam, vyolans nan lekòl, gang)
☐ Blesi envolontè (pa egzanp, aksidan machin, nwayad)
☐ Gen ase sèvis sosyal ak sante timoun ak jèn ka itilize
☐ Rasis ak diskriminasyon
☐ Lojman moun ka peye
☐ Grangou oswa gen bon jan manje moun ka peye
☐ Yon edikasyon apwopriye ak bon Kalite
☐ Povrete/ opòtinite travay
☐ Lòt pwoblèm oswa enkyetid ki pa nan lis la (presize): ______________________________________________
☐ Mwen pa konnen

9. **Pandan w ap sèvi ak echèl ki anba a, tanpri endike nan ki nivo ou dakò (jwenn deklarasyon an vre) oswa ou pa dakò (jwenn deklarasyon an fo) ak deklarasyon sa yo konsènan kominote a.** *(Tanpri, fè yon sèl chwa pou chak deklarasyon.)*

| | Mwen Pa Dakò Ditou | Mwen Pa Dakò | Mwen Pa Ni Dakò Ni Pa Dakò | Mwen Dakò | Mwen Totalman Dakò | Mwen p'konn en |
|---|---|---|---|---|---|---|
| a. Kominote mwen an gen kote deyò ki san danje pou mache ak pou jwe. | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| b. Li fasil pou viv yon vi ki an sante nan kominote mwen an. | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| c. Kominote mwen an se yon bon kote pou elve yon fanmi. | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| d. Gen opòtinite fòmasyon pou granmoun nan kominote mwen an. | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| e. Kominote mwen an gen kote tout moun ka rankontre (egzanp, bibliyotèk, legliz, klèb lokal yo, reyinyon granmoun ki pi aje yo). | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| f. Lekòl nan kominote mwen an bay timoun yo chwa manje ki an sante. | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| g. L ap fasil pou m pran transpò piblik pou m rive kote m bezwen ale chak jou (pa egzanp, travay, makèt, randevou doktè, elatriye). | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| h. Kominote mwen an gen sèvis transpò pou granmoun ki pi aje yo ak moun ki gen mobilite redui yo (pa egzanp, pou mennen yo nan makèt, nan sant komèsyal, elatriye) | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| i. Gen opòtinite travay nan zòn mwen an. | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| j. Si m ta bezwen èd pou m manje oswa pou m nouri fanmi m, m t ap konnen nan ki sèvis pou m ale pou m ka jwenn èd (pa egzanp, bank alimantè, gadmanje, elatriye). | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| k. Gen ase lojman mwen kapab peye ki san danje epi ki byen konsève nan kominote mwen an. | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| l. Nan katye mwen an, pa gen anpil vyolans, tankou batay fizik, aktivite gang, vòl oswa agresyon. | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| m. Nan kominote mwen an, pa gen anpil pwoblèm ak vyolans ant moun yo, tankou abi nan fanmi, move tretman sou granmoun aje, oswa entimidasyon an pèsòn oswa sou entènèt. | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| n. Moun nan kominote mwen an gen mwayen pou yo reponn a bezwen debaz yo, tankou manje, lojman ak transpò. | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |

10. **Èske w pè oswa enkyè pou w pa gen yon lojman ki estab swa ki pou ou, swa ou lwe oswa ou rete ladann nan 2 mwa k ap vini yo?**

☐ Wi ☐ Non

11. **Konbyen fwa ou pa t ka ale yon kote ou te bezwen ale paske ou pa t gen yon mwayen pou ale la?**

☐ Raman oswa pa souvan
☐ Anviwon yon fwa pa mwa
☐ Yon fwa pa semèn oswa pi souvan
☐ Plizyè fwa nan yon ane
☐ Plis pase yon fwa pa mwa

**12. Tanpri, li deklarasyon sa yo moun fè sou sitiyasyon alimantè yo.** Pou chak nan yo, chwazi nan ki nivo deklarasyon an vrè pou fanmi w pandan 12 dènye mwa yo.

| | Souvan se Laverite | Pafwa se Laverite | Sa pa Janm Vre |
|---|---|---|---|
| a. Nou enkyete nou pou si manje nou ta fini anvan nou jwenn lajan pou nou achte plis. | ☐ | ☐ | ☐ |
| b. Manje nou te achte yo pa te fè anpil tan, epi nou pa te gen lajan pou m achte lòt | ☐ | ☐ | ☐ |
| c. Nou konte sou yon pwogram alimantasyon kominotè, gadmanje, oswa pwogram asistans alimantè pou ajoute lakay nou an. | ☐ | ☐ | ☐ |

**13. Nan 12 mwa ki sot pase yo, èske w te resevwa asistans gratis oswa a ti pri nan men yon òganizasyon oswa yon pwogram gouvènman pou ede w ak nenpòt nan bagay sa yo?** *(Koche tout sa ki aplikab yo.)*

☐ Transpò
☐ Bòdwo sèvis piblik
☐ Edikasyon
☐ Manje (egzanp SNAP)
☐ Medikaman
☐ Gadri
☐ Lojman
☐ Chèche travay oswa fòmasyon
☐ Swent pou granmoun ki aje yo oswa pou moun ki gen mobilite redui
☐ Tradiksyon/entèpretasyon
☐ Pwoblèm Imigrasyon
☐ Pwoblèm jiridik
☐ Mwen pa resevwa asistans
☐ Mwen Pito pa reponn/Mwen pa konnen

## PATI C: Eta Sante & Maladi

**14. Kòman ou t ap dekri sante w an jeneral?**

☐ Ekselan ☐ Bon anpil ☐ Bon ☐ Pasab ☐ Pa bon

**15. Èske yon doktè oswa yon lòt pwofesyonèl medikal poko janm di w, ou te gen nenpòt nan pwoblèm sante sa yo?**

**Pou chak "Wi" nan kesyon 15a, tanpri reponn nan 15b:** Èske w sou tretman kounye a pou pwoblèm sante sa a?
***Rapèl: Reponn sondaj sa a volontè, epi repons ou yo anonim. Nou p apmande w non w ansanm ak lòt enfòmasyon ki kapab idantifye w yo.***

| | 15a. Poko janm gen yon pwofesyonèl swen sante ki di ou gen….? | | 15b. Si wi, èske sou tretman medikal? | |
|---|---|---|---|---|
| | Wi | Non | Wi | Non |
| Pwoblèm kè | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| Tansyon wo | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| Nivo kolestewòl ki wo | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| Dyabèt (Maladi Sik) | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| Maladi nan ren | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| Estwok | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| Kansè (nenpòt tip) | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| Opresyon | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| Maladi poumon ( Maladi Pilmonè Obstriktiv kwonik (Chronic Obstructive Pulmonary Disease, COPD) / Enfizèm) | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| Maladi Alzheimer oswa demans | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pwoblèm pwa | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pwoblèm zòrèy | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| Andikap fizik | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pwoblèm depresyon oswa enkyetid | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pwoblèm Toksikomani (dwòg oswa alkòl) | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |
| Depandans ak fimen oswa vapote | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ |

**16. Tanpri chwazi si youn nan rezon sa yo anpeche w manje manje ki fè pati yon rejim alimantè ki bon pou lasante.**
*(Koche tout sa ki aplikab yo.)*

- ☐ Manke tan pou achte oswa prepare manje ki bon pou lasante yo
- ☐ Sèvis Transpò pou ale chache manje ki bon pou lasante yo
- ☐ Pa toujou konnen ki manje ki fè pati yon rejim alimantè ki bon pou lasante
- ☐ Pa konnen kijan pou achte oswa prepare manje ki bon pou lasante yo
- ☐ Pri manje ki bon pou lasante yo / manje ki bon pou lasante yo koute twò chè
- ☐ Andikap fizik pou achte oswa prepare manje ki bon pou lasante yo
- ☐ Mank ekipman (tankou recho ki fonksyone, chodyè) pou prepare manje
- ☐ Pa renmen gou a oswa manje ki bon pou lasante yo pa plen vant mwen
- ☐ M pa santi m ta manje manje ki bon pou lasante yo
- ☐ Lòt (tanpri presize): ________________________
- ☐ Anyen pa anpeche m manje manje ki bon pou lasante yo

**17. Pandan mwa ki sot pase a, apa travay regilye ou, èske ou te patisipe nan yon aktivite oswa egzèsis fizik tankou mache, kouri, monte bisiklèt, danse, espò, oswa lòt aktivite ki sanble?**

☐ Wi ☐ Non ☐ Mwen prefere pa reponn

**18. Èske w gen timoun ki poko gen 18 lane k ap viv avèk ou lakay ou oswa ou responsab regilyèman?**

☐ Wi ⟶ **18a. Si wi, pandan 7 jou ki sot pase yo, pandan konbyen jou pitit ou a te aktif fizikman pandan omwen 60 minit pa jou?** *(Presize yon nimewo 0-7): Si ou gen plis pase 1 timoun, tanpri ranpli pou 3 timoun pou pi plis.*
☐ Non

**Timoun 1:** ______________ **Timoun 2:** ______________ **Timoun 3:** ______________

**19. Èske w te patisipe nan youn nan tès depistaj, sèvis oswa pwogram sa yo nan 2 ane ki sot pase yo?**

| | Wi | Non | Pakonnen/ pa sète |
|---|---|---|---|
| Egzamen Fizik Anyèl oswa bilan sante | ☐ | ☐ | ☐ |
| Depistaj oswa egzamen dantè (pa egzanp, radyografi, netwayaj) | ☐ | ☐ | ☐ |
| Tout fòm konsèy sante mantal (pa egzanp, pou depresyon, enkyetid) | ☐ | ☐ | ☐ |
| Tout fòm konsèy sou itilizasyon alkòl oswa dwòg/sibstans | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pwogram pou sispann fimen/vapote | ☐ | ☐ | ☐ |
| Tout fòm fòmasyon sou nitrisyon | ☐ | ☐ | ☐ |
| Tout fòm fòmasyon sou maladi kè | ☐ | ☐ | ☐ |
| Edikasyon pou paran | ☐ | ☐ | ☐ |
| Piki pou Grip | ☐ | ☐ | ☐ |
| Piki oswa rapèl pou COVID | ☐ | ☐ | ☐ |
| Depistaj pou kolestewòl | ☐ | ☐ | ☐ |
| Kontwòl tansyon | ☐ | ☐ | ☐ |
| Depistaj dyabèt oswa kontwòl glisemi (sik nan san) | ☐ | ☐ | ☐ |
| Egzamen Je | ☐ | ☐ | ☐ |
| Evalyasyon Zorèy | ☐ | ☐ | ☐ |
| Mamografi oswa egzamen/depistaj tete | ☐ | ☐ | ☐ |
| Depistaj kansè nan kolon (pa egzanp, koloskopi, tès san kache nan poupou) | ☐ | ☐ | ☐ |
| Depistaj pou Kansè Pwostat | ☐ | ☐ | ☐ |
| Depistaj kansè po | ☐ | ☐ | ☐ |

## PATI D: Aksè ak Swen Sante & Baryè pou Swen

**20. Ki kalite asirans sante ou genyen?**

☐ Medicare
☐ Medicaid/NJ FamilyCare
☐ Asirans sante/prive/oumenm ak/oswa patwon w peye pou (pa egzanp, Aetna, Humana, Blue Cross Blue Shield, elatriye)
☐ Kèk lòt tip Asirans Sante (*presize*:) ________________________________
☐ Okenn Asirans Sante
☐ Mwen prefere pa reponn

**21. Pandan 2 ane ki sot pase yo, kiyès, si genyen, nan pwoblèm sa yo ki fè li difisil pou oumenm oswa pou yon manm fanmi w jwenn tretman oswa swen medikal lè sa nesesè?** (*Koche "wi" si pwoblèm te rann li difisil/si se te yon pwoblèm pou oumenm oswa pou fanmi ou ak "non" si pwoblèm pa t rann li difisil pou jwenn tretman oswa swen medikal oswa sa pa t yon pwoblèm.)*

***Rapèl: Reponn sondaj sa a volontè, epi repons ou yo anonim. Nou p ap mande w non w ansanm ak lòt enfòmasyon ki kapab idantifye w yo.***

| | Wi | Non | Pakonnen/ pa sèten |
|---|---|---|---|
| Pwoblèm asirans (pa egzanp, doktè pa aksepte asirans ou, ou pa gen okenn asirans) | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pri swen yo (pa egzanp, ou pa t kapab peye, ko-pèman yo twò wo) | ☐ | ☐ | ☐ |
| Doktè yo pa aksepte nouvo pasyan | ☐ | ☐ | ☐ |
| Tan atant nan kabinè medikal oswa klinik yo twò long | ☐ | ☐ | ☐ |
| Li difisil pou pran yon randevou nan yon bon moman nan jounen/aswè/wikenn | ☐ | ☐ | ☐ |
| Laperèz oswa pa renmen doktè oswa lopital; doktè, founisè, oswa pèsonèl biwo ki pa amikal; pa santi yo byen akeyi w | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pa ka jwenn konje pou al pran swen - p ap resevwa pèman oswa pral pèdi travay | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pa ka jwenn swen; pa konnen ki kote pou ale pou pran swen | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pwoblèm langaj (pa egzanp, difisil pou pale ak founisè sante oswa pèsonèl biwo yo) | ☐ | ☐ | ☐ |
| Sèvis yo pa aksesib pou moun ki gen andikap yo | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pwoblèm transpò | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pwoblèm gadri | ☐ | ☐ | ☐ |
| Enfòmasyon sou sante yo pa rete konfidansyèl | ☐ | ☐ | ☐ |
| Laperèz akoz estati imigran | ☐ | ☐ | ☐ |
| Gen kèk lòt pwoblèm ki anpeche oumenm oswa yon manm fanmi w pa jwenn tretman oswa swen medikal (presize:) ____________________________ | ☐ | ☐ | ☐ |

**22. Lè w ap eseye jwenn swen medikal, konbyen fwa PÈSONÈLMAN ou te santi w sibi diskriminasyon akoz youn nan karakteristik sa yo:**

| | Souvan | Pafwa | Jamè |
|---|---|---|---|
| Ras oswa orijin etnik | ☐ | ☐ | ☐ |
| Orijin kiltirèl oswa relijye | ☐ | ☐ | ☐ |
| Lang oswa pawòl | ☐ | ☐ | ☐ |
| Laj | ☐ | ☐ | ☐ |
| Nivo revni | ☐ | ☐ | ☐ |
| Gwosè kò | ☐ | ☐ | ☐ |
| Oryantasyon seksyèl | ☐ | ☐ | ☐ |
| Sèks oswa idantite seksyèl | ☐ | ☐ | ☐ |
| Andikap fizik oswa mantal | ☐ | ☐ | ☐ |

**23. Si ou te gen yon kesyon oswa ou te bezwen enfòmasyon sou sante ou, ki kote ou t ap ale pou chache konsèy?** *(Koche tout sa ki aplikab yo.)*

☐ Yon òganizasyon relijye
☐ Manm Fanmi an
☐ Klinik gratis
☐ Zanmi
☐ Pwofesyonèl Swen Sante (egzanp, doktè, enfimyè pratikan)
☐ Sèvis ijans lopital la
☐ Depatman sante lokal
☐ Resous Anliy (egzanp, WebMD)
☐ Resous rezo Sosyal yo (egzanp Facebook)
☐ Swen Ijan
☐ Pa gen okenn bon sous pou mwen.

24. **Nan <u>2 ane</u> ki sot pase yo, èske te janm gen yon moman kote ou te bezwen pou wè yon pwofesyonèl swen sante oswa yon espesyalis men ou pa t kapab akòz <u>disponiblite, pri oswa pwoblèm asirans</u>?**
<u>**Pou chak "Wi" nan kesyon 24a**</u> tanpri di nan kesyon 24b kisa ki anpeche w wè yon pwofesyonèl swen sante oswa yon espesyalis?

| | **K24a. Mwen bezwen espesyalis men mwen pa t kapab al wè youn akòz pwoblèm ki nan K24b.** | | **K24b. (Si Wi) Ki sa ki anpeche w wè yon pwofesyonèl oswa yon espesyalis?** *(koche tout sa ki aplikab y)* | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | **Wi** | **Non** | **Disponibilite founisè a** | **Pri** | **Pwoblèm asirans** | **Lòt (presize) ______** |
| Sante konpòtmantal (egzanp konsèy endividyèl oswa gwoup, sèvis sante mantal, twoub ki lye ak itilizasyon sibstans, elatriye) | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | |
| Sante timoun oswa pedyatri (egzanp swen tibebe, bilan sante pou timoun, vaksen, egzèsis fizik lekòl oswa nan espò, elatriye) | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | |
| Kansè (egzanp tès depistaj kansè, radyoterapi, chimiyoterapi, sivivan kansè) | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | |
| Pwoblèm sante kè / kadyovaskilè (tankou maladi atè kowonè, kriz kadyak, tansyon wo, elatriye) | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | |
| Swen ijan/lopital (egzanp maladi bridsoukou oswa grav, ijans medikal, reyabilitasyon, swen pou pasyan ki entène) | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | |
| Pwoblèm ki lye ak sèvo, mwal epinyè, oswa nè / newoloji (egzanp alzaymè, epilepsi, esklewoz an plak, aksidan vaskilo-serebral, elatriye) | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | |
| Pwoblèm nan zo ak nan misk/Òtopedi (pa egzanp, lezyon ak frakti, atrit, jwenti ki deplase, elatriye) | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | |
| Sante fanm (egzanp planin familyal, jinekoloji, swen gwosès, menopoz, elatriye) | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | |
| Lòt (presize): ______________________________ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | ☐ | |

## PATI E: Konsomasyon sibstans ak sante mantal

25. **Kounye a, pandan w ap reflechi sou sante mantal ou, ki gen ladan estrès, depresyon epi pwoblèm ak emosyon, pandan konbyen jou pandan 30 dènye jou yo, sante mantal ou patnan bon nivo?**
   *(Tanpri presize yon nimewo ant 0 ak 30):* _______

26. **Pandan 30 jou ki sot pase yo, pandan konbyen jou yon move nivo sante mantal te anpeche w fè aktivite nòmal ou yo, tankou pran swen tèt ou, travay oswa amize w?**
   *(Tanpri presize yon nimewo ant 0 ak 30):* _______

27. **Nan de (2) dènye ane yo, èske te gen yon moman kote oumenm oswa yon moun lakay ou te bezwen èd pou pwoblèm sante mantal, tankou <u>santi w tris anpil, enkyete oswa lòt pwoblèm emosyonèl</u>, men ou pa t kapab jwenn swen ou te bezwen yo?**
   - ☐ Wi, mwen menm/manm fanmi mwen te bezwen sèvis sante mantal ak/oswa tretman men <u>mwen/li pa t kapab jwenn</u>
   - ☐ Non, mwen menm/manm fanmi mwen te bezwen sèvis sante mantal ak/oswa tretman men <u>mwen/li te kapab jwenn</u>
   - ☐ Non, mwen menm/manm fanmi mwen <u>pa t bezwen</u> sèvis sante mantal ak / oswa tretman
   - ☐ Mwen Pito pa reponn/mwen pa konnen

28. **Nan de (2) dènye ane yo, èske te gen yon moman kote oumenm oswa yon moun lakay ou te bezwen èd pou <u>pwoblèm dwòg oswa alkòl</u>, men èske'ou/li pa t kapab jwenn sipò ki nesesè yo?**
   - ☐ Wi, mwen menm/manm fanmi mwen te bezwen sèvis ak/oswa tretman men <u>mwen/li pa t kapab jwenn</u>
   - ☐ Non, mwen menm/manm fanmi mwen te bezwen sèvis ak/oswa tretman men <u>mwen/li te kapab jwenn</u>
   - ☐ Non, mwen menm/manm fanmi mwen <u>pa t bezwen</u> sèvis ak / oswa tretman
   - ☐ Mwen Pito pa reponn/mwen pa konnen

***Si oumenm oswa yon manm fanmi w ki nan kay la pa t bezwen sèvis sante mantal oswa sèvis pou itilizasyon sibstans nan 2 lane ki sot pase yo, tanpri ale nan Pati F, kesyon 30.***

29. **Pandan 2 ane ki sot pase yo, kiyès nan pwoblèm sa yo, si genyen, ki rann li difisil pou oumenm oswa yon manm fanmi nan kay la jwenn sèvis ak/oswa tretman sante mantal oswa toksikomani lè sa nesesè?** (*Koche wi; si pwoblèm te rann li difisil/si se te yon pwoblèm pou oumenm oswa pou fanmi ou ak non si sa pa t rann li difisil oswa si sa pa t yon pwoblèm.)*

| | Wi | Non | Pakonnen/pa sèten |
|---|---|---|---|
| Pwoblèm asirans (pa egzanp, doktè pa aksepte asirans ou, ou pa gen okenn asirans) | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pri swen yo (pa egzanp, ou pa t kapab peye) | ☐ | ☐ | ☐ |
| Konseye oswa sèvis yo pa aksepte nouvo pasyan | ☐ | ☐ | ☐ |
| Tan atant yo twò long | ☐ | ☐ | ☐ |
| Laperèz oswa pa renmen doktè, konseye oswa lopital; doktè, founisè, oswa pèsonèl biwo ki pa amikal; pa santi yo byen akeyi w | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pa ka jwenn konje pou al pran swen - p ap resevwa pèman oswa pral pèdi travay | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pwoblèm langaj (pa egzanp, difisil pou pale ak founisè sante oswa pèsonèl biwo yo) | ☐ | ☐ | ☐ |
| Sèvis yo pa aksesib pou moun ki gen andikap yo | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pwoblèm transpò | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pwoblèm gadri | ☐ | ☐ | ☐ |
| Enfòmasyon sou sante yo pa rete konfidansyèl | ☐ | ☐ | ☐ |
| Laperèz akoz estati imigran | ☐ | ☐ | ☐ |
| Diskriminasyon/ wont pou jwenn kalite sèvis sa yo | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pè pou yo pa entène m lopital kont volonte mwen | ☐ | ☐ | ☐ |
| Pè pou travay mwen/anplwayè mwen pa aprann sa | ☐ | ☐ | ☐ |
| Gen kèk lòt pwoblèm ki anpeche oumenm oswa yon manm fanmi w pa jwenn tretman oswa swen medikal (presize:) ________________________ | ☐ | ☐ | ☐ |

**Si oumenm oswa yon moun w ap okipe bezwen èd, tanpri gade resous ki anba yo:**
**New Jersey Hopeline** – pou sipò konfidansyèl pou tout moun ki nan detrès emosyonèl oswa kriz swisid. **Voye Mesaj Tèks oswa Rele nan 988**
**ReachNJ** - pou jwenn èd ak yon twoub akòz itilizasyon sibstans, **Rele 844-732-2465**

## PATI F: Ak pwòp mo pa w

30. **Itilize espas ki anba a pou devlope yon sijè yo te deja mansyone oswa yon sijè enpòtan ki gen rapò ak sante yo pa t mansyone nan sondaj sa a ou kwè ki enpòtan pou planifikasyon sante ak sèvis kominotè yo.**

________________________________________

________________________________________

________________________________________

## PATI G: Enfòmasyon Jeneral Siplemantè

***** Kesyon demografik sa yo se pou fè analiz etid sa sèlman yo ye epi yo rete konplètman konfidansyèl.***

31. **Kisa ki pi byen dekri oryantasyon sèks ou?**
   - ☐ Fi
   - ☐ Gason
   - ☐ Fi Transjan
   - ☐ Gason Transjan
   - ☐ Non-binè / sèks ki pa defini (Queer) (ni totalman gason, ni totalman fi)
   - ☐ San sèks/Mwen pa idantifye ak okenn sèks
   - ☐ Lòt kategori sèks (tanpri presize): __________________
   - ☐ Mwen prefere pa reponn

**32. Kisa ki pi byen dekri oryantasyon seksyèl ou?**

- ☐ Etewo oswa etewoseksyèl
- ☐ Masisi oswa madivin
- ☐ Biseksyèl, panseksyèl oswa queer (pa fin twò fi, pa fin twò gason)
- ☐ Aseksyèl (san sèks)
- ☐ Mwen pa sèten
- ☐ Lòt kategori (tanpri presize): _________________
- ☐ Mwen prefere pa reponn

**33. Kisa ki pi byen dekri revni anyèl <u>kay ou</u> anvan taks?** ***Revni kay la se lajan total tout moun k ap viv lakay ou te touche nan ane ki sot pase a (pa egzanp, revni ou touche, pansyon alimantè ou te resevwa, elatriye).***

- ☐ Mwens pase $10,000
- ☐ $10,000 jiska $14,999
- ☐ $15,000 jiska $24,999
- ☐ $25,000 jiska $34,999
- ☐ $35,000 jiska $49,999
- ☐ $50,000 jiska $74,999
- ☐ $75,000 jiska $99,999
- ☐ $100,000 jiska $149,999
- ☐ $150,000 jiska $199,999
- ☐ $200,000 oswa plis
- ☐ Mwen prefere pa reponn

**34. Kiyès nan bagay sa yo ki pi byen dekri eta sivil ou?**

- ☐ Selibatè
- ☐ Separe/divòse/vèv
- ☐ Marye
- ☐ Plase/inyon sivil/viv ansanm
- ☐ Mwen prefere pa reponn

**35. Èske ou fèt Etazini?**

- ☐ Wi (tanpri sote pou ale nan kesyon 36)
- ☐ Non (tanpri reponn kesyon 35a) →
- ☐ Mwen prefere pa reponn

**35a. Si non, konbyen tan ou genyen depi w ap viv nan peyi sa a?**

- ☐ Mwens pase 1 lane
- ☐ 1-4 Lane
- ☐ 5-9 Lane
- ☐ 10 lane oswa plis, men se pa tout lavi mwen
- ☐ Mwen pase prèske tout vi mwen Etazini
- ☐ Mwen prefere pa reponn

**36. Ki lang prensipal yo pale lakay ou?** *(Koche tout sa ki aplikab yo.)*

- ☐ Anglè
- ☐ Espànyòl
- ☐ Pòtigè
- ☐ Endou
- ☐ Goudjarati
- ☐ Mandaren
- ☐ Kantonèz
- ☐ Koreyen
- ☐ Arab
- ☐ Tagalòg
- ☐ Italyen
- ☐ Polonè
- ☐ Kreyòl Ayisyen
- ☐ Yidich
- ☐ Lòt: ___________________________
- ☐ Mwen prefere pa reponn

*****************************************************************************

***Sa a mete fen nan sondaj nou an. Mèsi pou tan ou. Nou apresye patisipasyon w anpil.***